

## ABSTRAK

**Ihsan Mahmud.** “*Etika dan Estetika* Lakon Basukarna Sanggit Ki Purbo Asmoro”. Skripsi. Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa. FKIP, Universitas Muhammadiyah Purworejo. 2016.

Panaliten punika nggadhahi ancas kangge ngandharaken *nilai etika* saha *unsur estetika* ingkang kaemot wonten salebetipun cariyos ringgit purwa kanthi lampahan Basukarna sanggit Ki Purbo Asmoro.

Jinising panaliten punika *deskriptif kualitatif*. *Sumber data* wonten ing panaliten punika cariyos wayang Basukarna sanggit Ki Purbo Asmoro ingkang awujud rekaman mp3, wondene dhatanipun awujud ukara-ukara utawi *kutipan* ingkang wonten gegayutanipun kaliyan *unsur etika* saha *estetika* saking lakon wayang kasebat. *Instrumen* ingkang dipunginakaken inggih punika panaliti piyambak minangka *instrumen* baken, lajeng kabyantu dening *kartu pencatat data, alat tulis, buku-buku, saha media* sanesipun. *Teknik pengumpulan data* ngginakaken *teknik observasi* inggih punika ngamati ingkang kanthi premati naskah cariyos wayang Basukarna. Sasampunipun dipunsimak lajeng dipunserat wonten ing kertu panyerat. *Teknik keabsahan data* ngginakaken *teknik triangulasi*. Dhata wontening panaliten punika dipunanalisis kanthi cara *konten analisis*, salajengipun *penyajian data* ngginakaken *metode informal* ingkang awujud ukara-ukara salebetipun tabel.

Asiling *analisis* awujud *kutipan-kutipan* naskah lakon Basukarna sanggit Ki Purbo Asmoro. Saking *pembahasan data* saged dipunpundhut asil inggih punika wonten *nilai-nilai etika* antawisipun; *etika keselarasan sosial* ingkang ngemot *prinsip hormat* lan *prinsip kerukunan*, gunggungipun sedaya wonten 11 indikator. *Etika kebijaksanaan* gunggungipun wonten 14 indikator ingkang antawisipun ngemot bab tanggel jawab, *rela berkorban*, wicaksana, tegas, ngayomi, *patuh* menapa dene *pantang menyerah*. Kajawi *nilai-nilai etika*, ugi wonten *unsur estetika* basa Jawi inggih punika basa rinengga gunggungipun 16 indikator, purwakanthi gunggungipun 37 indikator, tembung garba gunggungipun 6 indikator, tembung plutan gunggungipun 14 indikator, tembung saroja gunggungipun 16 indikator, dasanama gunggungipun 41 indikator, pepindhan gunggungipun 9 indikator, panyandra gunggungipun 4 indikator, tembung kosok balen gunggungipun 12 indikator, paribasan gunggungipun 5 indikator, bebasan gunggungipun 2 indikator, ingkang pungkasan saloka gunggungipun 2 indikator.

**Kata kunci :** *etika, estetika, wayang Basukarna*